



Pou Piblikasyon Imedya: 08/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO, UIT LÒT GOUVÈNÈ PIBLIYE LÈT BAY DEPATMAN SANTE  
AK SÈVIS SOSYAL ETAZINI POU MANDE DISTRIBISYON AKSELERE VAKSEN  
COVID-19 LA**

***Gouvènman federal la sanble gen plis pase mwatye apwovizyonman vaksen  
Etazini an nan men li***

***Gouvènè yo: "Eta nou yo pare pou travay tout lajounen ak lannuit pou akselere  
distribisyon an, bay plis piki nan bra ak sove lavi plis Ameriken".***

***Klike [isit la](#) pou wè lèt la***

Gouvènè Andrew M. Cuomo ak uit lòt gouvènè te pibliye jodi a yon lèt bay Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Services), Alex Azar, ak Chèf Eksplwatasyon, Jeneral Gustave F. Perna, pou mande yo akselere distribisyon vaksen an nan peyi a. Dapre [yon rapò medya](#), gouvènman federal la poko distribiye plis pase mwatye apwovizyonman vaksen peyi a. Gouvènè California Gavin Newsom, Gouvènè Illinois J.B. Pritzker, Gouvènè Kansas Laura Kelly, Gouvènè Michigan Gretchen Whitmer, Gouvènè Minnesota Tim Walz, Gouvènè Oregon Kate Brown, Gouvènè Washington Jay Inslee ak Gouvènè Wisconsin Tony Evers te siyen lèt la.

Tèks konplè lèt la disponib anba la a:

vandredi 8 janvyè 2021

Chè Sekretè Azar ak Jeneral Perna,

Kòm gouvènè, administrasyon nou yo angaje nèt pou bay rezidan nou yo vaksen COVID-19 san danje ak yon fason efikas osit vit ak sekirite posib. Travay sa enpòtan anpil pou pwoteje sante ak byennèt fanmi nan Etazini k ap travay pou nou kapab retounen nan yon ekonomi ki solid ak nan aktivite nòmal chak jou yo. Nou vrèman apresye patenarya avèk Operation Warp Speed (OWS) la epi nou rekonesan pou vaksen yo nou te resevwa jiskaprezan, men eta ak rezidan nou yo bezwen plis vaksen nan moman an. Nesesite sa a ankò pi ijan avèk aparasyon nouvo varyant viris la.

Dapre enfòmasyon ki te rapòte piblikman, gouvènman federal la aktyèlman gen plis pase 50% vaksen ki pwodui ke administrasyon an kenbe pou rezon nou pa konnen.

Pandan gen kèk nan vaksen enpòtan sa yo nan frizè Pfizer, peyi nou an ap pèdi 2,661 Ameriken chak jou, dapre dènye mwayèn sou sèt jou a. Lefèt yo pa distribiye dòz sa yo bay eta ki fè demann yo se yon bagay ki derezonab epi ki pa akseptab. Nou mande gouvènman federal la pou kòmanse distribiye dòz ki nan rezèv yo bay eta yo touswit.

Aparaman, dòz yo kenbe yo se te pou prepare pou 'diminye sityasyon yo' nan fabrikasyon ak distribisyon vaksen yo. Nan mwa desanm lan, OWS te anonse akò avèk Pfizer ak Moderna pou akeri 100 milyon dòz vaksen anplis nan men chak konpayi, sa ki fè alokasyon konbine ki te prevwa pou gouvènman Etazini an rive nan 400 milyon dòz nan dezyèm trimès ane a. Akò sa yo, mete ak otorizasyon itilizasyon dijans vaksen n ap tann nan Johnson & Johnson ak AstraZeneca pita nan ane sa a, ta dwe ba ou pi gwo konfyans ke kanalizasyon fabrikasyon an solid, san danje epi kapab pwoteje yon pi gwo pati nan piblik Ameriken an ane k ap vini an.

Eta nou yo pare pou travay tout lajounen ak lannuit pou akselere distribisyon an, bay plis piki nan bra ak sove lavi plis Ameriken. Jeneral Perna, jan ou te deklare sa anvan, "yon vaksen ki rete sou yon etajè pa efikas". Nou pa ta ka dakò plis ak ou sou sa. Se poutèt sa n ap mande èd ou kounye a. Lè nou travay ansanm, nou kapab mete fen nan pandemi sa a epi retounen nan yon lavi nòmal pi bonè.

Pi bon chèchè medikal nou yo te fè sa byen klè: si nou echwe, pral gen plis konsekans grav pou fanmi nou yo, ti biznis nou yo ak ekonomi nou an. Sa se Etazini. Pa gen okenn defi nou pa ka leve. An nou travay ansanm epi fè sa.

Sensèman,

Gouvènè Andrew M. Cuomo  
Eta New York

Gouvènè Gavin Newsom  
Eta California

Gouvènè J.B. Pritzker  
Eta Illinois

Gouvènè Gretchen Whitmer  
Eta Michigan

Gouvènè Laura Kelly  
Eta Kansas

Gouvènè Tim Walz  
Eta Minnesota

Gouvènè Kate Brown  
Eta Oregon

Gouvènè Jay Inslee  
Eta Washington

Gouvènè Tony Evers  
Eta Wisconsin

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)